

Media Online, Sawijining Trobosan kanggo

Ngrembakakake Basa Jawa

Suprawoto

Ing internet, donya iku ora bunder nanging rata (Friedman, 2005)

Pambuka

Pangrembakaning teknologi informasi lan komunikasi (TIK) gedhe banget pangaribawane tumrap carane manungsa nyebarake informasi. Awit saka kacanggihane prangkat TIK mau, maneka warna media sarta informasi kang kinandhut ing njerone, dinane iki bisa manunggal dadi siji. Kasunyatan kasebut satemah bisa ngowahi carane manungsa nindakake komunikasi apadene sambung-pamitran klayan sapapadhane.

Nanging perlu kawuningan, teknologi kadhang nuwuhake kahanan kang kaya-kaya cengkah antara siji lan sijine. Salah sawijining ciri wigati sajroning pangrembakaning jagad online yaiku anane personalisasi, tuladhane sapa bae kang kepengin online kudu ndhaftar dhisik (akses login user name). Nanging ing wektu kang padha, isine media utawa informasi kang lagi kita akses mau, uga bisa diakses dening wong liya kang babarpisan ora kita tepungi lan dumunung ing papan kang adoh. Bab mau bisa kedadeyan jalaran TIK kuwawa nyirnakake tapelwates geografis, kang njalari bumi iki kaya-kaya dadi papan rata bawera tanpa rana. McLuhan (Straubhaar lan La Rose, 2006:51) pancen wis nate ngramalake kahanan kasebut liwat tesise the global village. Miturut McLuhan, donya iki bakal owah dadi desa cilik nalika kabeh perangan bumi wis kasambung secara elektronik. Kahanan kasebut ora wurung munculake pitakon: kepriye bakale nasibe basa Jawa ing tembe, bakal saya kesilep, apa malah suwalike bisa bangkit lan ngrajani “desa jagad” iki?

Jamak kinawruhan yen dinane iki pakulinane masyarakat sajroning golek informasi wis owah. Biyen meh kabeh wong golek informasi lumantar media cetak lan elektronik, saiki akeh kang ngingerake panyawang marang media online yaiku internet. Ora aneh yen Steemers (2000) ngramalake, ana titimangsa media cetak kayata koran lan majalah bakal kukud awit saka muncule internet iki.

Nanging wong Indonesia pancen kreatif, satengahe “demam internet” para produsen koran padha ngrembakakake koran online—koran kang bisa diwaca liwat internet. Apa gejala mangkene iki bakal ngribawani pers Jawa,

lan tundhane basa lan sastra Jawa? Pitakon ini pantes diajokake, jalaran sasuwene iki durung ana upaya mirunggan saka wong Jawa kanggo ngrembakakake basa lan sastrane lumantar media online.

Pancen ana siji loro kadang sastrawan kang wis wanuh karo jagad maya, kepara wiwit nggunakake internet kanggo nggelar karya. Nanging cacahé isih kena dietung nganggo driji. Lan maneh, sipate isih murni ide kreatifé perorangan, dudu inisiatifé bebadan basa lan sastra Jawa apadene instansi pamarentah.

Ewa samono, pangajab becik kudu tetep diungalake, jalaran ing TIK tansah ana kalodhangan tumrap sapa bae kang gelem migunakake teknologi kanthi lantip. Penulis yakin, sauger darbe niat lan rada gelem rekasa sethithik, kalodhangan kanggo nglestarekake basa lan sastra Jawa liwat internet bisa maujud.

Nemokake Jawa ing Jagad Maya

Basa Jawa mujudake salah siji basa ibu kang gunggung kepruk panutur paling akeh ing Indonesia. Eman dene basa Jawa saiki wis ngalami gigis kualitas apadene kuantitasé. Kualitasé basa Jawa kang bisa katitik saka undha-usuking basa: krama inggil, krama andhap, krama lugu, ngoko andhap lan ngoko lugu—kang wis tinata endah mau—wis ora ditrapake kanthi bener lan pener dening saperangan gedhe panutur asli basa Jawa (Wahab, 2007).

Sauntara kuantitas pangetrape basa Jawa krama inggil dan krama andhap frekuensine uga sethithik banget. Kulawarga Jawa apadene masyarakat umum wis ora migunakake ing madyaning pasrawungan formal lan non-formal, mligine ing kalangane generasi mudha. Ya adhedhasar mudhune kualitas lan kuantitas mau, satemah tuwuh pambiji yen basa Jawa dinane iki lagi ngalami stagnasi (kandheg dalan).

Uwal saka sakehing panemu, basa Jawa lagi ngalami degradasi utawa saora-orane lagi stagnasi, penulis nyoba nginguk saka kacamata sejarah media sosial, mligine kang ana sambung-rapete klayan basa lan sastra Jawa. Blaka bae, penulis luwih condhong udhu panemu kang ana gegayutane klayan sejarah media. Dene bab basa lan sastra, para rawuh wis samesthine luwih mumpuni tinimbang penulis.

Ing wektu-wektu kapungkur, basa Jawa pancen luwih ngrembaka liwat basa tutur utawa lesan. Semono uga sastra Jawa luwih ngrembaka liwat sastra lesan kayata dongeng, parikan, lsp. Laras klayan ngrembakane media cetak, basa lan sastra Jawa wiwit sumebar liwat ariwarti lan kalawarti. Muncule ariwarti basa Jawa Parikesit sarta kalawarti kayata Panjebur Semangat, Jaya Baya, Djaka Lodang, Mekarsari, Punakawan, bisa dadi bukti yen ta

pangrembakane basa lan sastra Jawa ora bisa uwal saka panyengkuyunge media cetak. Sauntara muncule obrolan basa Jawa lan giyanan kesenian Jawa kayata wayang, kethoprak, ludruk, lan drama ing radio lan televisi dadi bukti yen media loro mau uga gedhe sumbangane tumrap pangrembakane basa lan sastra Jawa.

Dinane iki, basa lan sastra Jawa uga wiwit ngambah jagad maya utawa online. Yen panjenengan ngetik tembung “jawa” ing mesin kanggo nggoleki www.google.com, panjenengan bakal nemokake saora-orane 225.000.000 tembung/frasa kang ana gegayutane klayan Jawa. Jenise maneka warna, wiwit saka media kang nganggo tembung Jawa, alamat kantor, web blog basa Jawa, forum diskusi, artikel, tulisan, kesenian, pethilan tembung saka media basa Jawa, nganti posting ing media sosial Facebook utawa Twitter kang migunakake basa Jawa. Malah kita uga bisa nemokake jasa penerjemah basa Jawa kang nyedhiyakake layanan online.

Komunitas Jawa Online

Ing awal taun 70-an, Alvin Toffler mratelakake gagasane ngenani gedhene pangaribawa potensi TIK ing madyaning masyarakat. Wiwit iku, TIK dadi anasir wigati jroning wacana ngenani pangrembakaning masyarakat ing tembe mburi. Miturut Toffler, pangaribawane TIK mau positip banget lan bisa nyakup maneka warna urusan, kalebu nguwatake eksistensine masyarakat lokal kayata wong Jawa (Yuliar et al, 2001:56).

Dinane iki, komunitas Jawa online gunggungge terus tambah, amarga sarat dadi perangan komunitas jagad maya iki gampang banget. Lumantar internet, komunitas maya iki nemokake, nyiptakake, nggunakake, bagi-binagi, kepara dol-tinuku informasi ngenani bab kang dianggep dadi kawigatening ngakeh sarta ana sambungrapete klayan apa bae kang mambu-mambu Jawa.

Pangrembakane media online, kang resmi apadene kang ora resmi kayata para blogger, kena diarani luar biasa. Nanging perlu kawuningan, media online iku mung bisa ngrangkul kalangan tartamtu. Riset kang ditindakake situs jejaring sosial Yahoo nemokake, saperangan gedhe pengguna internet ing Indonesia dumadi saka para remaja umur 15-19 taun kang gunggungge ndungkap 64%. Mung emane, para remaja mau ora migunakake internet kanthi samesthine, nanging mung saderma kanggo gagah-gagahan. Akeh ing antarane remaja mau rumangsa minder yen ora duwe akun Facebook atau Twitter.

Kasunyatan mau ora uwal saka sifate media online kang egaliter lan bebas. Egaliter tegese ora mbeda-mbedakake pribadi siji lan sijine. Dene bebas

tegese saksapaa bisa ngesok rasa-pangrasa utawa pratelan tanpa wangenan saka pihak liya. Sajroning situs-situs jejaring sosial, kabeh rumangsa diwong-ake lan ditampa dadi perangan sawijining komunitas gedhe. Bab mau laras klayan sipate para remaja kang lagi gandrung ngunggar rasa, nggoleki jati dhiri lan ngasah kapribaden (Erikson, kapertal dening Hurlock, 1990: 620).

Miturut Dawson (2008b) ana gaya utama cacah pitu kang kuwawa ngaribawani wujud lan cara nganggone media baru (internet), yaiku: konsumsi kang saya mundhak, fragmentasi, partisipasi, personalisasi, cara anyar kanggo golek keuntungan, owah-owahan generasi, lan bandwidth. Konsumsi kang saya mundhak tegese kebutuhane manungsa gegayutan informasi ora bakal bisa tuntas. Fragmentasi yaiku saben-saben manungsa darbe kebutuhan informasi kang beda-beda. Partisipasi yaiku manungsa ora mung ngonsumsi informasi, nanging sabanjure condhong melu ambyur ing proses panciptane informasi mau. Manungsa uga bakal golek pangekadaya amrih bisa njupuk keuntungan material apadene nonmaterial saka informasi mau. Owah-owahan generasi gegayutan klayan terus tuwuhe generasi anyar kang nggunakake internet. Dene kang pungkasan, wujud lan cara manganggone internet gumantung marang kemampuane infrastruktur internet nyedhiyakake “ruang” kanggo para user-e.

Salah sawijining kritik gegayutan cara nganggone TIK yaiku anane pihak kang banget aktif utawa dominan, nanging uga akeh kang mung ela-elu utawa pasif. Kasunyatanane, saperangan gedhe wong kang padha nganggo internet iku para partisipan pasif utawa istilaha lurking (Newman et al, 1996). Kanyatan dene teknologi menahi kalodhangan marang saksapaa kanggo udhu panemu pancen bener. Nanging ing jagading online, saperangan gedhe mung pasif nampa informasi, utawa istilaha mung trima dadi lurkers. Wong-wong mau pegaweyane mung ‘ngintip’ informasi apa kang dumadi, nanging ora darbe niat melu ambyur aktif sajroning diskusi elektronik (Romiszowski dan Mason, 2001: 399).

Diwadhahi Media Online

Satemene media kuwi ora mung saderma sarana kanggo golek hiburan, sambung-pamitran, pengawasan lan interpretasi (priksanana Turow, 2009: 21-22). Luwih saka iku, media uga dadi perangan ‘gaya hidup’ lan fashion. Ora mung sakadar ngakses informasi, nanging pilihan media uga nuduhane kelas sosial-e si pengakses. Mula tantangan kang paling gedhe yaiku kepriye amrih wong Jawa bisa nggunakake media online kanggo nuduhake adiluhunge basa lan kasusastran Jawa.

Ora beda klayan ing jagad nyata, perkara nertibake basa uga angel bisa kaleksanan ing jagad maya. Senajan kita bisa nemokake situs utawa blog kang nggunakake basa baku, nanging bisa dipesthekake yen situs mau asil garapane lembaga pamarentah utawa lembaga tartamtu kang pancen ‘cedhak’ karo urusan basa. Utawa situs web mau mujudake situs web universitas utawa koran online. Dene akeh-ekehe, basa ing situs web pancen klebu amburadul, jalaran ancase pancen mung supaya luwih komunikatif.

Semono uga situs lan web blog basa Jawa, utawa posting basa Jawa ing media sosial, sethithik banget kang ngugemi paugeran tata-tulis kang bener. Kahanan iki mesthine mbukak kalodhangan tumrap para jamhur basa apadene satrawan Jawa kanggo melu ambyur, cancut taliwanda posting utawa nggelar karyane liwat situs web, web blog, lan media sosial kayata Facebook lan Twitter. Aja nganti basa Jawa ing media online iki ngembaka kanthi cara kang ora bener lan ora pener.

Gunggung wong kang nggunakake internet ing Indonesia saben taun terus tambah. Samono uga gunggung portal kang nggunakake basa Jawa uga sansaya tambah. Salah sawijining strategi kang digunakake yaiku menahi kebebasan marang komunitas basa tartamtu kanggo nerjemahake dhewe maneka warna menu utawa informasi saka sawijining situs. Sebut bae wikipedia.com kang duwe pilihan basa Jawa. “Mbah” Google, kang didhemeni para pelajar, uga duwe pilihan basa Jawa ing menu-ne. Semono uga fitur penyedia layanan blog kayata WordPress utawa Blogspot.

Sanajan teknologi ngarahake amrih isine website bisa diseragamake basa lan formate, nanging dinane iki para penyedia layanan uga ngupayakake keterlibatane anggota komunitas basa Jawa minangka strategi pemasaran. Bab mau ora aneh, jalaran Indonesia mujudake negara pengguna internet kang banget potensial ing donya. Facebook upamane, penggunane ing Indonesia paling akeh nomer loro sadonya. Saupama dietung per etnis, etnis Jawa mujudake pengguna Facebook nomer siji ing donya!

Sawijining bab kang mesthi kedadeyan ing jagad maya yaiku anane owah-owahan saka komunikasi lesan dadi komunikasi tulisan. Komunikasi lesan pancen tetep bisa ditindakake liwat internet, nanging para pengguna internet dinane iki luwih condhong nggunakake basa tulis. Kanyatan iki, saupama digulawentah kanthi tumemen, bisa dadi kunci wigati kanggo ngrembakakake basa lan sastra Jawa tulis ing wektu tembe. Mesthi bae internet mung minangka media, dene isine gumantung marang kepriye para pangreksa basa lan sastra Jawa anggone ngawekani owah-owahan iki.

Global, Ora Mokal!

UNESCO wis netepake tanggal 21 Februari minangka pengetan Dina Basa Ibu Internasional. Bab mau nuduhake yen ta basa ibu perlu antuk kawigaten mirunggan, yaiku perlu dilestarekake lan didaya-gunakake ing madyaning bebrayan. Nanging, Christian Gossweiler, doktor saka Universitas Negeri Tübingen Jerman menyebutake, basa Jawa lan basa-basa dhaerah ing Indonesia nasibe meh padha karo basa-basa dhaerah di Eropa. Secara khusus, Gossweiler kandha yen nasibe basa Jawa ora beda karo basa Retorumantsch kang dinane iki pamore wis mendrip-mendrip . Mudhune kualitas lan panganggone basa dhaerah utamane disebabake dinamika nasionalisme kang mung nengenake panggulawethah marang basa nasional, nanging kurang pangrengkuh marang pangrembakane basa dhaerah. Dinamika sosial masyarakat lan industrialisasi uga melu andhil minggirake basa Jawa. Sauntara era globalisasi kang nyirnakake wangenen antar-negara uga nyebabake campur-bawure budaya lan condhong nyeragamake basa ing donya. Kita bisa ngrasakake, ing pasrawungan internasional basa Inggris dianggep kadidene siji-sijine basa kang ditampa dening kabeh warga donya.

Nanging ana kanyatan ndudut ati, pranyata wong Jawa kang padha lunga ngumbara uga nggawa basa Jawa menyang njaban pulo, kepara menyang njaban rangkah. Ing sajroning negara, laladan kang didominasi dening etnis Jawa ing antarane Lampung (61,9%), Sumatera Utara (32,6%), Jambi (27,6%), lan Sumatera Selatan (27%). Ing laladan liyane, wong Jawa uga meh rata, senajan gunggung kalah akeh tinimbang warga asli.

Ing njaban rangkah uga bisa diprangguli anane Kampung Jawa, upamane ing Malaysia, Kaledonia Baru, Aruba, Curacao, Walanda, lan uga Suriname. Masyarakat Jawa ing Suriname gunggung ndungkap 15% saka gunggung kepruk penduduk nasional. Ing negara iki, ora mung basa Jawa kang ngrembaka, nanging uga sastra lan kesenian kayata reog lan campursari. Sauntara pengiriman tenaga kerja menyang Korea, Hong Kong, serta sawetara negara Timur Tengah uga njalari basa Jawa melu tumangkar go global menyang negara-negara kasebut.

Ing jagad kang saya rata, kabeh bisa dumadi sauger ana upaya tumemen kanggo ngawekani owah-owahaning jaman. Dalile pancen mung siji, gelem melu owah laras klayan gingsire jaman, utawa mati. Pilihan kabeh ana ing tangan kita dhewe.

Wosing Ukara

Ngrembakane media online bisa digunakake minangka trobosan anyar kanggo ngrembakake basa Jawa, jalaran TIK bisa digunakake kanggo nggugah potensine masyarakat lokal. Muncule komunitas basa Jawa online dadi bukti yen masyarakat lokal Jawa wiwit nggunakake media iki. Eman dena saperangan gedhe pengguna internet dumadi saka para remaja umur 15-19 taun, lan mujudake pengguna pasif (lurking). Satemene media online bisa digunakake kanggo nuduhake status sosial-e wong Jawa kang tansah ngaku ndarbeni kabudayaan adiluhung. Nanging kanyatane, basa Jawa kang digunakake ing media online akeh-ekehe basa Jawa non-baku kang ora ngugemi paugeran tata-tulis apadene unggah-ungguh basa. Bab mau ing antarane disebabake dening akehe portal, situs, apadene web blog basa Jawa kang ora digulawethah dening wong Jawa kang jawa marang jawane. Mula muncule basa Jawa tulis online kudu dikawekani secara aktif dening para jamhur lan sastrawan Jawa, aja ditogake ngrembaka menyang arah kang kleru. Carane mesthi bae kanthi cara aktif melu ngedegake portal, situs, web blog, sarta melu aktif ing diskusi elektronik basa Jawa. Kanthi mangkono, basa Jawa ora kandheg ndalan lan malah suwalike bisa ngrembaka ing saindenging donya lumantar media online.

Panutup

Bung Karno ing pungkasan wektu pamarentahane milih mesanggrah ing Istana Bogor, ora adoh saka Istana Pajajaran ing laladan Batutulis. Piyambake paring wasiyat, saupama seda supaya disarekake ing ngisor wit kang edhum kanthi sesawangan gunung lan gumuk kang endah dinulu. Bung Karno milih klelep sajroning sejarah tinimbang kudu ngurbanake rakyate.

Pertalan carita mau bisa dadi pralambang gegayutan dinamika lan pangrembakaning basa Jawa ing media online lan media sosial. Bisa uga bener basa Jawa bakal tetep kandheg ndalan, nanging nalika didokumentasi sajroning pustaka global jagad maya, bakal munculake kalodhangan cacah loro. Sepisan, sawijining dina mengko, para pangrengkuh basa Jawa bakal terus nindakake upaya kanggo nglestarekake basa Jawa. Kapindho, basa Jawa bakal kesilep jaman lan mung saderma dadi bahan kajian akademis.

Nanging saupama nomer loro bakal kang dumadi, saora-orane basa Jawa isih darbe kalodhangan dadi inspirasi muncule basa liya kang bakal digunakake ing mangsa tembe tanpa ngurbanake wong Jawa minangka panuture.*

Pustaka Rujukan

- ◆ Briggs, A. & Burke, P. 2006. Sejarah Sosial Media, Dari Gutenberg Sampai Internet. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- ◆ Hurlock, E.B. 1990. Psikologi Perkembangan, Suatu Pendekatan Sepanjang Rentang Kehidupan. Jakarta: Penerbit Erlangga
- ◆ McQuail, D. 2002. McQuail's Reader in Mass Communication Theory. London: SAGE.
- Newman, D. R., Johnson, C., Cochrane, C. & Webb, B. 1996. "An Experiment in Group Learning Technology" ing Interpersonal Computing and Technology: An Electronic Journal for the 21-st Century, 4(1), 57-74. Diakses lumantar <http://jan.ucc.nau.edu/ipctj/1996/n1/newman.txt>
- ◆ Romiszowski, A. & Mason, R. 2001. "Computer-Mediated Communication" ing Jonassen, D. H. (ed.). 2001. Handbook of Research for Educational Communications and Technology. Bloomington: AECT. Halaman 397-431.
- ◆ Steemers, J. 2000. "Broadcasting is Dead. Long Live Digital Choice" ing Mackay, H. & O'Sullivan, T., (eds.), The Media Reader: Continuity and Transformation, London: Sage.
- ◆ Straubhaar, J. D. & La Rose, R. 2006, Media Now: Understanding Media, Culture and Technology. California: Thomson Wadsworth
- ◆ Turow, J. 2009, Media Today : An Introduction To Mass Communications, 3rd ed, Madison Ave, New York:Routledge.
- ◆ Wahab, A. 2007. Masa Depan Bahasa, Sastra dan Aksara Dhaerah. www.pusatbahasa.depdiknas.go.id. 11 Oktober 2007.
- ◆ Yuliar, S. (ed). 2001. Memotret Telematika Indonesia : Menyongsong Masyarakat Informasi Nusantara. Cetakan I. Bandung : Pustaka Hidayah.